

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Secrétariat national
BP 1572
Angle Rue Piquant & Lamarre
Port-au-Prince -Haïti
Tel/fax 222-7899

Nòt pou laprès

Pòtoprens, 20 jiyè 2005

Lavèy antèman jounalis, atis ak powèt Jacques Roche, Komisyon Jistis ak Lapè a eksprime kondoleyan li ak senpati li bay tout fanmi ak zanmi militan pou chanjman sila a.

Komisyon an leve vwa l byen wo pou l denonse yon lòt fwa ankò tout vyolans k ap fèt nan kapital la ak nan tout peyi a. Komisyon an mande : Jous kilè moun ap sispann tonbe viktim anba zak vyolans sa yo nan peyi a ? Jous kilè ap gen moun nan peyi a ki kwè yo bezwen defann enterè yo, etan y ap fè lòt sibi anba tout kalite zak? Jous kilè youn ap sispann fè lòt souffri ? Eske nou tout se pa moun nou ye ak pitit yon menm peyi ?

Lanmò brital sa a fè n poze tèt nou anpil kesyon. Non, vyolans sila a pa kab kontinye konsa. Moun pa fèt pou aji konsa ak moun parèy yo.

Kilès ki reskonsab zak brital ak sovaj sila a ?

Poukisa otorite yo pa t fè anyen pou sove Jacques nan men bouwo yo ?

Ki sa k pouse moun aji ak moun parèy yo pi mal pase bèt ?

Eske nou devan yon lòt ka enpinite ankò ? Kilè enpinite sa a ap fini ? Kilè kriminel ap blije rann kont pou zak y ap fè yo ? Kilè ap gen jistis san fòs kote ak san voye monte ?

Jacques Roche te angaje tèt li pou chanjman tout bon vre nan peyi a. Li te nan tout batay pou fè yo anile dèt peyi a, pou fè yo respekte anviwònman an, pou tout moun respekte prodiksyon lokal, pou tout moun respekte tout moun.

Li te gen yon gwo rèv pou Ayiti kapab bèl, e pou peyi a kapab yon sous lavi pou tout pitit li yo, sitou pou sa k sou kote yo. Lanmò l pa dwe fè n pèdi pwojè sila a, okontrè se pou tout pitit peyi a met men pou l kab reyalize.

Pou Komite Direktè Nasyonal la,

P. Jan Hanssens, Direktè